# НуР

ISSN 0207-6551

1

2022

6+



# РЕДАКТОРЫМ И ПСАЛЪЭ

**Илъэсыщ1э дытехьащ, нур ц1ык1ухэ!**

*Хъуапсап1эщ1эхэр фи куэдщ, акъыли, л1ыгъи, къаруи щ1ыгъужу. Фи «Нурри» дывигъусэщ, мы гъэ дызытехьам илъэс 40 дрикъуу. Дыхуейщ фехъул1эну, дывдэгуф1эну, зыфщ1эдгъэкъуэну.*

- *Ди япэрей къыдэк1ыгъуэхэм тета «Жып псалъалъэхэр» зэхуэфхьэсу, зытета журналхэм нэхъ фыщ1эупщ1эу къэтщ1ащи, иджыри фыпэплъэ!*
- *«Уафэрыбжэ махуэгъэпс – 2022». Ар мы журналым къыдэфхыу фи блынхэм ф1эвдзэ хъунущ. Адыгэм ди тхыдэм щыщу куэд къэфщ1энщ.*
- *Мы гъэм щегъэжьауэ къыдэк1ыгъуэ къэс интерактивнэ лэжьыгъэхэр едгъэк1уэк1ынущ фэрэ дэрэ, журнал щ1ыбым тет QR- кодыр къэдгъэсэбэпу. Абыхэм гуф1апщ1э ящ1ыгъунущ.*
- *«Онлайн-1э тедзэмк1э» фи «Нурыр» зы1эрывгъэхьэфынущи, мыгъэрей журнал хьэлэмэтхэм зыхэвмыгъэк1ыж! Фызэрыхьэнур: http://nurkbr.ru/*

*«Дадэ дэрэ» зыф1эсща си усэщ1эхэм къыпащэ адэк1э фхуэс1уэтэнум.*

**АБРОКЪУЭ Беллэ**

# Дадэ дэрэ



*1эдэм:* Дэнэ к1уэрэ Илъэсыжьыр?
Дэнэ къик1рэ Илъэсыщ1эр?

*Дадэ:* Илъэсыжьыр сэщхьу дадэщ,
Жьажьэу щ1ым хыхьэжу.
Илъэсыщ1эр уэщхьу щ1алэщ,
Жану щ1ым къыхэжу.

– Илъэсыщ1эм дей а дадэр
Жэщу къэщ1элэжрэ?
Нэху зэрыщу, гъэщ1э щ1алэу
Ар дэ къытхыхьэжрэ?
Ди тхьэлъэ1ухэри ищ1эжрэ
Дадэ къэщ1элэжым?
И мэгъу сэхри ирик1уэжрэ
Зи ц1э щыгъупщэжым?

– Илъэсыжьыр жьым хыхьэжу,
Пщ1эрэ, сэ сф1эщ1ат…
Илъэсыщ1эри къалъхужу,
Ари… си ф1эщ сщ1ат…

– Къызжумыӏэ Илъэсыжьыр
Гъэр икӏыху кӏуэдыжу!
Къызжумыӏэ Илъэсыщӏэм
Сыкъимыцӏыхужу!



# Щхьэ сабийхэр упщӏэрей?

*Іэдисэ:* Щхьэ сабийхэр псэлъэрей?
Щхьэ сабийхэр упщӏэрей?

*Дадэ:* Абы гъащӏэр зэрагъащӏэ,
Абы гъащӏэм зыхагъапщӏэ.

– Щхьэ сабийхэр дэуэрей?
Щхьэ сабийхэр зэуэрей?

– Ящӏэ псори къыуагъащӏэ,
Я къарухэр зэрагъапщэ.

– Щхьэ сабийхэр гуфӏэрей?
Щхьэ сабийхэр джэгурей?

– Къызэӏуихыу бзий гуфӏакӏэ,
Теджэгухьу я ӏупщӏакӏэ,
Дыгъэ бзийм ярет гуфӏапщӏэ.
Мис аращ, тӏу, сабий гъащӏэр!

# Сыт мылъкур, дадэ?

*Мэдэ:* Къулыкъур мылъку?
*Дадэ:* Мымылъку. Къыуатамэ – пӏэщӏахыж.
– Былымыр мылъку?
– Мымылъку. Бэгъуамэ – мэкӏуэщӏыж.

Уи ахъшэр пфӏэщӏми мылъку,
Къыпхохъуэри – пхощӏыж.
«Ныбжьэгъум» фӏэпщми мылъку,
Мэхъу ари къыщопцӏыж.

– Атӏэ, сыт хъужыр мылъку?
Зыфӏэпщ сыт хъунур «Мылъку»?
– Къыпхуэнэрщ хъужыр мылъку.
Щӏэныгъэр – ар уи Мылъкущ!





# ЦIыхум и уасэр и лэжьыгъэрщ

*Мы гъэм, мы мазэм... зи юбилей дгъэлъапIэхэм ящыщщ **Бырмамытl Гуащэкъарэ** (илъэс 90), **Жырыкъ Заур** (илъэс 75-рэ), **БищIо Борис** (илъэс 70). Зауррэ Борисрэ нобэ тхуэпсэущ, мэлажьэхэ, дохъуэхъу тIури куэдрэ тхуэузыншэну!*



## Пшынэм и гуащэ, пшыналъэр зи гуащIэ!

Пшынэ макъым гур егъэпIейтей... уегъэгупсысэ... уи лъэр щIегъэкI... Пшынауэр Iэзэмэ, пшыналъэр къоубзэрабзэ. ***БЫРМАМЫТI Гуащэкъарэ*** пшынауэу къалъхуащ! Ар лъэпкъ щэнхабзэр зыIэтахэм ящыщщ. 1928 гъэм Сэрмакъ къуажэ дэса БырмамытI Хьисэ и хъыджэбз цIыкIухэм пшынэ къащыхуищэхуам, я къуажэм ар зиIэу дэсыр а зы унагъуэрт. НэхъыжьитIыр пшынэ еуэфырти, нэхъыщIэ цIыкIу Гуащэкъарэ а тIум ехъуапсэрт. Абы пшынэ Iэпэхэр щIигъэуэнкIэ, унагъуэр зыщысхь Iэмэпсымэр икъутэнкIэ гузавэу, нэхъыжьхэм пшынэр фIагъэпщкIурт. Ауэ дэнэт?! И шыпхъуитIыр лэжьакIуэ зэрыкIуэу, ар къигъэкIуасэурэ, «зэригъэшхырт», ахэр пшынэ щеуэкIи якIэлъыплъырт.

Гуащэкъарэ къыдэкIуэтейри, пшынауэ Iэзэм и цIэр республикэм щыIуащ. ХьэгъуэлIыгъуэ зиIэм ар я пшынэуамэ, егъэлеяуэ я гуфIэгъуэр дахауэ арат! «Кабардинка» къэфакIуэ гуп цIэрыIуэр хамэ къэралхэм ирагъэблагъэрт, Гуащэкъари абы я пшынауэ Iэзэт. Ауэрэ бзылъхугъэм и цIэр дунейм щыIуащ, и закъуэу къэрал куэдым ирагъэблагъэу хуежьащ: Югославием, Сирием, Иорданием, США-м, Финляндием, Болгарием адыгэ пшынэм и макъыр щигъэIуащ Гуащэкъарэ.

Унагъуэ хъуа иужь БырмамытI Гуащэкъарэ къэфакIуэ гупым къыхэкIыжащ, Къармэхьэблэ щэнхабзэмкIэ я унэм и унафэщIуи а Iуэхущlапlэм и цIэр игъэIуащ. Абы къэфакIуэ, уэрэджыIакIуэ гупхэр яIэ хъуат, зэпеуэ зэхыхьэхэми ахэрат бжыыпэр щызыубыдыр.

Гуащэкъарэ и цIэр дыщэпскIэ хэтха хъуащ адыгэм ди пшыналъэ тхыдэм.

## Псэрылажьэ

Макъамэтх цIэрыIуэ ***ЖЫРЫКЪ Заур*** иуса уэрэдхэм цIыхур яхьэху, дзапэ уэрэди яхуохъу. Ди усакIуэфIхэу **КIыщокъуэ Алим**, **Тхьэгъэзит Зубер**, **Къэжэр Пётр**, **Бештокъуэ Хьэбас**, **Бицу Анатолэ** сымэ я усэу уэрэд хъуахэм щхьэж езым и дуней иIэжщ!

Заур и анэ **Адэмокъуэ Дзадзу** Налшык педучилищэм щеджащ, аэроклу-

быр къиухащ, ди республикэм щыщу кхъухьлъатэзехуэ хъуа япэ бзылъхугъэхэм ящыщщ. Хэку зауэшхуэм тӀасхъэщӀэхыу хэтащ, гъэрыпӀэ ихуауэ щытащ, итӀани Дзадзу сыт хуэдэ гугъуехьми пигъэлъэщу иӀар пшыналъэрщ. Ар пшыни гитари еуэфырт. Анэращ Заури макъамэпсэ зыдэхъуар. Дзадзу абы гу лъитэри макъамэм щыхурагъаджэ интернатым иритащ и щӀалэр. Илъэс 13-м иту и япэ макъамэ тхыгъэр къигъэщӀащ Заур. КъыдэкӀуэтейри, Бытырбыху, Тбилиси я еджапӀэхэм, Гнесиным и цӀэкӀэ щыӀэ институтым щеджащ.



***Макъамэтхым и ущие:***

«ЦӀыкӀухэ, зэвгъэхъулӀамкӀэ арэзы фызытехъуэжу фыкъэувыӀэ хъунукъым, зэпымыууэ зывужьын, нэхъ лъагэжым фыхуэпабгъэу фыпсэун хуейщ. Макъамэ гъэӀуныр ӀэщӀагъэ фхуэхъумэ сытым и дежи щӀэщыгъуагъэ къыхэвгъуэтэнщ, фи псэр дахагъэкӀэ ипсыхьынщ! Макъамэр зы псэм къегъэщӀ, адрейхэм ялъоӀэс, гум абгъуэ щащӀ, гукъэкӀыжхэм хоушэ, лӀэщӀыгъуэхэм щопсэу».

## ЩӀэныгъэр – гъуэгущ, егъэджакӀуэр – гъуазэщ!

***БИЩӀО Борис*** Хьэтууей къыщыхъуащ, и ӀэщӀагъэр сабиигъуэ гупсысэхэм къыхэхъукӀащ. Абы адыгэбзэмрэ литературэмрэ фӀыуэ илъагъурт, зэрыцӀыкӀурэ библиотекэм адыгэ тхылъу щӀэлъыр нэхъуеиншэу щӀиджыкӀырт.



Ди университетым бзэмкӀэ и къудамэр ехъулӀэныгъэкӀэ къиухри Мэзкуу аспирантурэм абы и щӀэныгъэм щыхигъэхъуащ. БищӀор филологие щӀэныгъэхэм я докторщ, бзэ щӀэныгъэлӀщ, фэрэ дэрэ дызэрыгъуазэ псалъалъэхэр къыдегъэкӀ, адыгэбзэм и алфавитым, пэжырытхэм йолэжь. «Хэт гъуазэу уиӀа?» – дыщеупщӀым, БищӀом жэуапу къыдитаращ: «ФӀыщӀэ гуапэ сигу яхуилъщ гъуазэ схуэхъуа нэхъыжьыфӀхэу, си егъэджакӀуэхэу **Урыс Хьэтэлий, АбытӀэ Мухьэб, Нало Ахьмэдхъан, Къумахуэ Мухьэдин** сымэ.

БищӀо Борис и лэжьыгъэхэр хуабжьу къыфхуэщхьэпэнущ анэдэлъхубзэр зи псэкупсэу къыдэкӀуэтейхэм. Тхьэм фригъэхъулӀэ!

*Гугъуэт Заремэ*

*Усакlуэ **Мыкъуэжь Анатолэ** иlэщ гущэкъу уэрэд дахэ, Нэхущ Чэрим гум дыхьэу игъэзащlэу. А уэрэдыр абы зыхуитхар и пхъуитlырщ – Ланэрэ Залинэрэ. Абы щlапlыкlащ адэшхуэм и гъэфlэн пхъурылъху цlыкlу закъуэ Самири. Щхьэцыгъуэ дахэу сурэтым щыфлъагъу Гаева Самирэ гурыхуэ цlыкlущ, дадэ егъэгуфlэ. Ар илъэситху мэхъу, налшыкдэсщ, Прогимназие № 75-м макlуэ.*



**МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ**

# Гущэкъу уэрэд

*1. Мазэ тхьэгъу лъэныкъуэр
Уафэм кlэрыщlащ.
Вагъуэ цlыкlухэр щыгъэу
Зэбгрыщэщащ...
Жэщыр пщlыхь дахащэу
Іупхъуэм къызэпхощ,
Уэри мыщlэ цlыкlуу
Гущэм укъыхощ.*

***Ежьу:***

***Жей, си lэфl, си фlыгъуэ,
Жей, си гурыфlыгъуэ,
Си къудамэ цlыкlуу
Къыдэжа!
Жей, си нэху, си дыгъэ,
Жей, си насып щыгъэ,
Си удз гъэгъа цlыкlуу
Къыхэжа!***

*2. Сыт ущlемызэгъыр,
Си гуфlэгъуэ щэху?
Щабэщ уи гущапlэр –
Тыншу зыгъэпсэху.
Жей, си дыщэ кlанэ,
Жэщыр зэгъэжащ.
Сэ уи уэрэд цlыкlум
Къытезгъэзэжащ.*

***Ежьу.***

*3. Жей, зи насып псыпэм
Псышхуэирижэн,
Гъэ зэрытехьэххэу
Лъапэкlэ зежэн.
Жей, си фlыгъуэ закъуэу
Нэхулъэфl къысхуеклын,
Сэ гуфlэгъуэ нэпсхэр
Зыхущlэзгъэкlын.*

***Ежьу.***

*4. Гъуджэм, зысщыбгъэпщкlуу,
Хъумэ уиплъэрей,
Сэ пхуэсщlынкъэ тыгъэу
Щыlэ псом я лейр:
Мазэ тхьэгъу лъэныкъуэр
Къыпхуэслъыхъуэжынщ,
Вагъуэ щыгъэ цlыкlухэр
Къыпхуэсщыпыжынщ.*

***Ежьу.***

# Уафэрыбжэ махуэгъэпс – 2022

*Адыгэ махуэгъэпсыр уафэрыбжэщ. Пасэрейм и гур уэгумкӀэ гъэзауэ дыгъэр, мазэр, вагъуэхэр и гъуазэщ; и нэр уафэм етауэ уэгъум, уэшхым, уаем кӀэлъоплъ; и Ӏупэм тхьэлъэӀу къиӀущэщу гъэр гъэфӀ хъуну мэхъуахъуэ. Сыт щхьэкӀэ? Адыгэр зыхэпсэукӀыр щӀым къытрих фӀыгъуэрщ, и шхынигъуэр игъэхъу Ӏэщырщ. Аращи уафэрщ зи унафэр ар тхъэнуми мэжэлӀэнуми.*

*Адыгэ махуэгъэпсым илъэсыр егуэш лъэхъэнитӀу: гъэмахуэрэ щӀымахуэу. Гъэм и зэманиплӀыр Вагъуэбэ зэрыбыныр (Созвездие Тельца) уэгум здит щӀыпӀэм елъытащ.*

## Гъэмахуэ лъэхъэнэ

### **Гъатхэ** *(махуэ 92-рэ).* Вагъуэбэр щӀым къыхокӀ.

**Гъатхэпэ** *(Уэдыбэ)*

Гъатхэпэм и 21-22-м адыгэ илъэсыщӀэр къохьэ, «МафӀащхьэтыхь» тхьэлъэӀур ящӀ, гъэрэ щӀырэ зэхокӀ. ЦӀыхур уэфӀым йоджэ, нэхъ пасэу жылэр щӀым хищӀэну хуейуэ. Гъатхэпэу щӀыр къыщыушкӀэ, Сосрыкъуи зыщӀэлъ Ӏуащхьэм къыщӀокъугъыкӀ: «Махуищ къудейкӀэ щӀым сытетыжатэмэ, абы еуэ (Ӏейуэ) щызекӀуэр згъэкӀуэдынти си лъэпкъыр хуиту згъэпсэужынт!» – жиӀэу.

ЩӀалэгъуалэм Хъуромэ, джэгу, ӀутӀыж тхьэлъэӀу ящӀ. Унэ-унэкӀэ зэкӀэлъыкӀуэурэ: «ЕтӀанэгъэ пӀалъэ тхьэм фӀыкӀэ фынигъэс!» – зохъуэхъу. «Гъэрэ щӀырэ щызэхэкӀ махуищым уи унэ къихьам и Ӏуэхум уи Ӏуэхури ирокӀуэ», – жеӀэ пасэрейм.

**Мэлыжьыхь** *(Удзыпэ къэхъеигъуэ, Уэдыжьыхь, ВэныгъуэкӀэ)*

«Мэлыжьыхьым и блым ӀэмбатиблхуагъэтӀылъ», – жеӀэ псалъэжьым. «Жьы гуу»-кӀэ зэджэр къыкъуэумэ, абы пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэр щахъумэну тхьэ елъэӀурт: «Ди Тхьэ, пкърыгъэзагъэ!» – жаӀэурэ башкӀэ теуӀуэхэрт. Мыр фэзэхъуэкӀ мазэщи зи псалъэ трамыгъуэтэж цӀыхум хужаӀэ: «Мэлыжьыхь мазэу зызэрехъуэкӀ». УдзыщӀэ къэхъеям щыщ уэшхыпсым хэлъу фалъэкӀэ зэхащӀэ уэшх нэужьым, ар я гуэщ дурэшхэм, гуэнхэм ираутхыурэ «Удзыпс теутхэ» тхьэлъэӀу ящӀ.

«ВакӀуэдэкӀ, ВэныгъуэкӀэ» тхьэлъэӀухэри мы мазэм икухэм хеубыдэ (ауэ щыкӀуати щыӀэщ).

## ГЪАТХЭПЭ

| Бл | Гъу | Бр | Мху | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
| 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 |
| 28 | 29 | 30 | 31 | | | |

## МЭЛЫЖЬЫХЬ

| Бл | Гъу | Бр | Мху | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 1 | 2 | 3 |
| 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |
| 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
| 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 |
| 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | |

## НАКЪЫГЪЭ

| Бл | Гъу | Бр | Мху | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | 1 |
| 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 |
| 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 |
| 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 |
| 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 |
| 30 | 31 | | | | | |

# Щымахуэ лъэхъэнэ

## **Бжьыхьэ** *(махуэ 91-рэ).* Вагъуэбэр жыг щхьэкIэм хыхьащ.

### ФокIадэ *(Iуэгъуэ)*

Бжьыхьэр фокIадэм и 22-м къохьэ. «Си хьэ цIыху хъуащэрэт», – жаIэу лэжьыгъэм и гуащIэгъуэщ. Мэш къахыж. «Бжьыхьэпэ уафэгъуагъуэр уэфI кIыхь нэщэнэщ», – жаIэу щогуфIыкI. «Гъубжэдэх» тхьэлъэIур нэхъапэхэм унагъуэм щащIырт. ГъэщIэгъуэнт, тхъэгъуэт ар зэрекIуэкIыр! Губгъуэм къикIыжахэм я пщэм дэлъ гъубжэр ахэм гуфIэу япежьа унэгуащэмрэ сабийхэмрэ драгъэхтэкъым хьэлывищрэ махъсымэ фалъэрэ ирамытауэ. ГъавэщIэм щыщ япэу унагъуэм исым зыIуагъахуэрт, «ХамэIумыхуэ тхьэлъэIу» ящIыжырти, итIанэт псапэ *(сэджыт, бытыр)* щыхатыкIыр. Бын куэд зиIэу нэхъ хуэмыщIа унагъуэхэрт ар зратыр.

### Жэпуэгъуэ

Нэгузыужь мы мазэм ипэ махуэхэм «Тхьэшхуэгухьэж» тхьэлъэIушхуэр губгъуэм щащIыж зэрыжылэу хэту. Гуэнхэм ярызщ, цIыхум фIыгъуэр я куэдщи абы тохъуэхъуэхь, мэджэгу, «ТхьэшхуэуджкIи» яухыж. А уджым хагъэттэкъым тхьэр зи фIэщ мыхъур, Iей зигу илъ цIыхур. Зэрыжылэу хэтт «Созэрэщ *(хъерым и тхьэм)* и пхъэлъантхъуэ» тхьэлъэIуми. ХьэгъуэлIыгъуэхэми я пIалъэр къихьэрт мы мазэм.

*Гу лъыфтэ: Адыгэм тхьэлъэIу щащIыр (ар унагъуэ жьэгум емыхьэлIамэ) IэрыщI псэуалъэхэртэкъым, атIэ щIыпIэ лъапIэ хэхахэрт: губгъуэхэм, хуей мэзхэм.*

### ЩэкIуэгъуэ *(Мэкъуашэжыгъуэ)*

Адыгэр «зи бзэ мыпсалъэ» псэущхьэхэмкIэ гумащIэщ. ХьэкIэкхъуэкIэм я щIэжьейхэр цIыкIуху, бзу кърашахэм я дамэхэр жыху, анэм шырыр щIэфыхукIэ цIыхур хуиткъым щэкIуэну. Хуит щыхъур мы мазэрщ!

ЦIыхур щIымахуэм хуогъэтIылъэ: мэкъу, пхъэ къашэ, бжьэматэхэр нэщIэщым щIагъэувэж, щIымахуэ шхыныр ягъэгъу, яшу.

- ● Адыгэм я махуэшхуэхэр
- ● Шылэ махуэхэр
- Гъатхэ махуэхэр
- Гъэмахуэ махуэхэр
- Бжьыхьэ махуэхэр
- ЩIымахуэ махуэхэр

## ФОКIАДЭ

| Бл | Гъу | Бр | Мху | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | 1 | 2 | 3 | 4 |
| 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 |
| 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 |
| 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
| 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | | |

## ЖЭПУЭГЪУЭ

| Бл | Гъу | Бр | Мху | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | 1 | 2 |
| 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 |
| 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
| 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 |
| 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 |
| 31 | | | | | | |

## ЩЭКIУЭГЪУЭ

| Бл | Гъу | Бр | Мху | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
| 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 |
| 28 | 29 | 30 | | | | |

## ЩӀымахуэ (*махуэ 90*). Вагъуэбэр щӀым хохьэж.

### Дыгъэгъазэ (*Пхъэзей*)

ЩӀымахуэр дыгъэгъазэм и 22-м къохьэ. Дыгъэм згъазэри гъэ псом и кӀуэцӀкӀэ махуэм и нэхъ кӀэщӀыгъуэ, жэщым и нэхъ кӀыхьыгъуэ пӀалъэщ. «Дыгъэгъазэ махуэщӀ» ящӀ (*Нур 2020, № 12*). «Дыгъэр и щӀымахуэ унэм мэкӀуэж, зегъэпсэху», «ЩӀыр кӀийуэрэ къокӀуэ, гъэр гъуэгыурэ мэкӀуэж», «Дзыгъуэрэ пэт щӀымахуэм хуогъэтӀылъэ», – жаӀэ. Балигъхэм жэщщыс ящӀ, хьэщӀэщхэм щоуэршэр, сабийхэм махуэкӀэ уэс къалэ яухуэ, зэдоджэгу. Ар жьымкӀи щӀэмкӀи гухэхъуэщ!

### ЩӀышылэ (*Шылэ мазэ*)

Зыгъэпсэхугъуэ мазэ дахэщ, щэкӀуэгъуэ зэманщ. Балигъхэр я Ӏэщым йолӀалӀэ. «Гъэмахуэм къыумылэжьа щӀымахуэм бгъуэтыжкъым», – жеӀэ псалъэжьым. Уэс лъэгур Ӏувмэ, пхъэлъэф ящӀ, сабийхэм чын (*волчок, юла*) ягъэву, хьэкъуей, кӀэн мэджэгу, Ӏэжьэ, лъэрыжэхэмкӀэ къажыхь. ЩӀалэгъуалэм джэгухэр зэхашэ, пщащэхэм дэнлъэч зэфӀащӀэ, мадэ, хадыкӀ, зытрагъэу.

### Мазае (*Мазэ ябгэ*)

Шылэрэ Бэдрэжузу гуэшащ. Шылэ уэсыр пхъашэщ. Абы мыхэр хужаӀэ: «Шылэм и кумылэм мылым утемыхьэ», «Шылэм и кӀэм зеукӀыж». Бэдрэжузыр гъатхэпежьэ щӀыӀэщ, ар шылэм ефыгъуэурэ гуащӀэ хъууэ жаӀэ. А тӀум къыщыкӀэлъыкӀуэ щыӀэщ «бжэндэхъу уае», «ныуэжь уэс», «шыц уэс». «Шыц уэсыр къесу уэрысым уимыкӀ», – жеӀэ псалъэжьым.

### Адыгэм я махуэшхуэхэр:

Гъатхэпэм и 14 – Адыгэ тхыбзэм и махуэ.
Гъатхэпэм и 22 – Адыгэ ИлъэсыщӀэ.
Мэлыжьыхьым и 25 – Адыгэ ныпым и махуэ.
Накъыгъэм и 21 – Щыгъуэ-щӀэж махуэ.
Мэкъуауэгъуэм и 23 – Сэтэней и махуэ (пщащэхэм я махуэ).
ШыщхьэуӀум и 1 – Хэкум къэзыгъэзэжахэм я махуэ.
ФокӀадэм и 28 – Адыгэ фащэм и махуэ.

### ДЫГЪЭГЪАЗЭ

| Бл | Гъу | Бр | Мху | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | 1 | 2 | 3 | 4 |
| 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 |
| 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 |
| 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
| 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | 31 | |

### ЩӀЫШЫЛЭ

| Бл | Гъу | Бр | Мху | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | 1 | 2 |
| 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 |
| 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
| 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 |
| 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 |
| 31 | | | | | | |

### МАЗАЕ

| Бл | Гъу | Бр | Мху | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
| 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 |
| 28 | | | | | | |

Зыгъэхьэзырахэр: ***Аброкъуэ Б., Къамбот М.***

## Накъыгъэ (*Мазэ щхьэхынэ*)

Гъэ псом и дахапIэщ мы мазэри, дунейм ехыжа псэхэр къохъуапсэ: «Накъыгъэм и 15-м щегъэжьауэ мэкъуауэгъуэм и 15 хъуху дунейм нэ дазэкIэ нэхъ мыхъуми сытеплъэжащэрэт!» – жаIэурэ. Мы мазэм джэгухэр и куэдщ. Псори зэдэлэжьауэ, хуэмыщIахэм, сымаджэхэм ядэIэпыкъуауэ, «къакIуэ и Iыхьэ» зыфIаща щIы Iыхьэ лейри явауэ губгъуэм цIыхухэр къикIыжырти, «ВакIуэкъихьэж къэбакъ» тхьэлъэIу ящIыжырт.

Адыгэр хуабжьу псапэ Iуэхум пылъщ, псэм толажьэ, напэм и пэ иригъэщ щыIэкъым.

*Гу лъыфтэ: Адыгэр зэгурыIуэу зэрыпсэуам, хьэщIэр зэрагуапэм и нэщэнэщ «къакIуэ и Iыхьэр»!*

## Гъэмахуэ *(махуэ 92-рэ)*. Вагъуэбэр гъавэм къыхэплъэащ.

### Мэкъуауэгъуэ

Гъэмахуэр мэкъуауэгъуэм и 22-м къохьэ. Ар махуэхэм я нэхъ кIыхьыгъуэу, жэщым я нэхъ кIэщIыгъуэу – ***шэмыгъапцIэ жэщкIэ*** зэджэрщ. Вагъуэбэр гъавэм къыхэплъамэ, абы зреч, щынэм и лым къэуат къыщIохьэ, къэб къуэпсым зедз. ***«Сэтэней и махуэр»*** мы мазэм хохьэ (*Нур-2016, № 10, «Сэтэнейрэ уанащIэмрэ»*). «Щынащхьэ плъагъумэ – гъэмахуэщ», «Уеуэмэ – мэкъущ, уемыуэмэ – къурэщ», – псалъэжьхэм жаIэр мазэцIэми къеIуатэ – мэкъур щыпаупщIыр мы мазэрт. Ар хъуарэ мыхъуарэ къызэращIэри? Жыгей пщIащэр ягъэгъурти ар гъуэжьыфэу, щхъуантIагъэ щIэмылъыжу гъуамэ, мэкъури хъуат!

### Бадзэуэгъуэ (*ЦIывыгъуэ*)

Мэкъумэш зыщIэр и гъавэм хуосакъ, удзым уз япкърыту къищIэмэ, пхъэяжьэпс треутхэри тхьэлъэIу ещI: «Хъэрэт сымаджэщи, гъэхъужын хуейщ!» – жиIэурэ. Хъер къозыт тхьэпэлъытэу ар щытагъэнущ.

Гъэмахуэм и гузэвэгъуэр сыт? Уэгъу! Абы и хущхъуэгъуэ закъуэри – уэлбанэращ. «Уэгъум ихьар уэлбанэм къехьыжри, уэлбанэм ихьар уэгъум къимыхьыж». Уэгъум и деж сабийхэм «Хьэнцэгуащэ» кърашэкI. (*Нур 2020, № 7, «Хьэнцэгуащэ»*).

### ШыщхьэуIу (*ХьэстIул*)

Шыр адыгэм и гъэфIэн псэущхьэщ. Абы я щхьэхэр яутхыпщIырей зэрыхъур арагъэнущ мазэцIэр къызытекIар. ЗекIуэ ежьэм я уанэшхэр ягъэхьэзырт бо кIыфIхэм щагъашхэу, лы ирагъэщIу, пщыхьэщхьэкIэрэ зрагъэукъуэдийуэ. Шыхулъагъуэм (Млечный путь) зекIуэм я жэщ гъуэгур егъэнэху.

Вагъуэбашри уэгум къитщ – ар къуэкIыпIэмкIэ къыщыблэ вагъуищщ (Созвездие Жирафа).

## МЭКЪУАУЭГЪУЭ

| Бл | Гъу | Бр | Мху | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 |
| 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 |
| 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 |
| 27 | 28 | 29 | 30 | | | |

## БАДЗЭУЭГЪУЭ

| Бл | Гъу | Бр | Мху | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 1 | 2 | 3 |
| 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |
| 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
| 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 |
| 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | 31 |

## ШЫЩХЬЭУIУ

| Бл | Гъу | Бр | Мху | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 |
| 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 |
| 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 |
| 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 |
| 29 | 30 | 31 | | | | |

# Батыр Камиллэ
## и щIымахуэ сурэтхэр

Налшык къ., 14-нэ гимназие, 7 кл.



Лъэмыж



Жэщ уэздыгъэ



Уэс лъагъуэ



ЩIымахуэ







Тхэквондо. Сатlушы Мадинэ, Жылэ Татьянэ

# Спортым щехъулIэр лIыхъужьщ!

## 2021 гъэм и лIыхъужьхэр (япэ Iыхьэ)

*Иужьрей зэманым дунейр зэщIэзыщта уз зэрыцIалэм игъэмэщIащ спорт зэхьэзэхуэхэр, ауэ КъБР-м и щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ ди пщIэр къаIэт, щIыналъэр ягъэлъапIэ.*

### Каратэ

**СОЧЭ.** НыбжьыщIэ зэхьэзэхуэм *(щIыпIэ 16-м щыщу, спортсмен 885-рэ)* зэхэту къыщахьэхуащ дыщэ медалу – 12, дыжьыну – 6, домбеякъыу – 8.

I: Сыжажэ Дамир, Блий Изабеллэ, Гуэбэшыхэ Аскэррэ Арнеллэрэ, Бобров Даниил, Къэзанш Артур, Мэз Идар, Къущхьэ Инал, Глашев Муслим.

II: Тхьэбысым Алесэ, Нэгумэ Алихъан, Уянаевэ Самирэ, Хочуев СултIан.

III: Блий Эмир, Яхуэмгъуэт Аслъэн, Уэркъ Алий, Атмурзаевэ Зухра, Щомахуэ Ислъам, Залихановэ Аишэ, Ботэщей Рустам.

Гуп зэпеуэми *(илъэси 8–9; 10–11; 12–13 хъухэр)* ди лIыхъужьхэм бжьыпэр щаубыдащ! **ГъэсакIуэхэр:** Гуэбэшы Аслъэн, Мэш Азэмэт, Щомахуэ Владимир, КIэмпIарэ Рустам, Нэхущ Руслан.

**ОРЁЛ.** *(щI. 56, илъэс 12–17; цIыху миным щIигъу).*

I: Къэрмокъуэ Русланрэ Переясловэ Валериерэ.

II: Темрокъуэ Маирбэч.

***ГъэсакIуэхэр:*** ДыщэкI Мухьэмэд, Мэремыкъуэ Къазбэч, Гъудэ Рустам.

**БЫТЫРБЫХУ.** Медалибгъу къахьэхуащ *(щI. 21; цIыху 750-рэ).*

I: Мэз Идаррэ Щомахуэ Ислъамрэ.

II: КIэбышэ Ислъамрэ Глищинский Матвейрэ.

Гуп зэпеуэм: Гуэбэшы Арнэллэ, Уянаевэ Самирэ, Мэз Идар, Ирыгу Ренат, Глищинский Матвей.

### Тхэквондо

**СОФИЕ.** «Multi European Games-2021» зэхьэзэхуэм хэтащ европей ныбжьыщIэхэр.

I: Багъ Идар. Зи хьэлъагъыр килограмм 48 хъухэм я зэIущIиплIыми щытекIуащ!

***ГъэсакIуэр:*** Ахъмэт Амир.

**САРАЕВО.** Мы къалэм щызэхуащIыжащ тхэквондомкIэ европей зэхьэзэхуэр. Къэралым дыщэ медалибл къыхуахьащ ди лIыхъужьхэм. Абы щытекIуащ Багъ Идар!

**ЧЕРКЕССК.** Ди гуп къыхэхахэр *(медалу 18, щI. 37, ныбжьыщIэу 800)*.

Щхьэзакъуэ гупхэм:

I: Тхьэмокъуэ Элинэ *(кг. 29)*, Бекъул Миланэ *(кг. 43)*, Бицу Къантемыр *(кг. 37)*, Ахъмэт Дамир *(кг. 51)*, Ахъмэт Борис *(кг. 78)*.

II: Иуан Дианэ *(кг. 29)*, Гедраевэ Даринэ *(кг. 41)*, Iусен Дамир *(кг. 37)*, Къэзанш Къасбулэт *(кг. 41)*.

III: Асановэ Даринэрэ Хьэжды Салмэрэ *(кг. 59)*, Пщымырзэ Чэрим *(кг. 33)*, Щокъуий Ислъам *(кг. 48)*, Бейрэт Iэдэм *(кг. 65)*, Жылау Андемыркъан *(кг. 68)*, Бейтыгъуэн Тимур *(кг. 73)*, Ахъмэт Нурмухьэмэдрэ Нэзэр Мухьэмэдрэ *(кг. 78-м щIигъухэм)*.

***ГъэсакIуэхэр:*** Ахъмэт Амир, Унэжокъуэхэ Абделджэбаррэ Къантемыррэ, Хьэгъундокъуэ Ялдар, Тикаев Индрис, БжэныкIэ Резуан, Хан Станислав, Купшын Азэмэт, Джэрыджэ Аслъэн, Хъурей Беслъэн.

**БЕЛГОРОД.** *(Илъэс 12–14-хэр; щI. 59, сп. 780-рэ).*

I: Iусен Дамир.

II: Бицу Къантемыр, Созаев Артур, Тхьэмокъуэ Элминэ, КIэблахъуэ Рузаннэ.

III: Хаджевэ Салмэ, Иуан Дианэ, Гедраевэ Даринэ.

**ТЭТЭРСТАН.** Ди пщащэхэм зэхьэзэхуэм медалиплI къыщахьащ.

II: Багъэтыр Миленэ, Хубуловэ Анжеликэ, Хъуран Каринэ.

III: Ходовэ Анжеликэ.

**КЪЭЗАН.** ЩIалэгъуалэм я гъэмахуэ спартакиадэм и кIэух зэхьэзэхуэ.

I: Бекъул Миланэ *(кг. 46)*. Кавказ Ищхъэрэм и щIыхьыр ихъумэу ди пщащэм хигъэщIащ иджырей чемпион, Мэзкуу щыщ Медведевэ Ларисэ.

**ИСТАМБЫЛ.** Тыркум щекIуэкIа VI-нэ дунейпсо зэхьэзэхуэм – медалищ.

I: Бекъул Миланэ *(кг. 45)* зэIущIиплIми щытекIуащ *(тIур нокаутkIэ)*. Щокъуий Ислъами *(кг. 51)* дыщэ медал къихьэхуащ.

II: Ахъмэт Дамир *(кг. 55)*.

**АНАПЭ.** НыбжьыщIэхэм я XIII-нэ Урысейпсо зэхьэзэхуэ зэIуха *(щI.19; ныбжь. 300-м щIигъу)*. Ди гуп къыхэхам абы къыщахьэхуащ медалу 12.

I: Абазэ Ислъам *(кг. 30; илъэси 10-11 хъухэм)* зэIущIищми щытекIуащ.

II: Къалэ Амиррэ Трегубов Георгийрэ.

III: Гуэбэшы Салим.

## Пщащэхэм я зэхьэзэхуэм

I: Мэкъуауэ Камиллэрэ Къалэ Самирэрэ.

II: Науржан Ясминэ.

III: Сибэч Алинэ.

**ОДИНЦОВЭ.** Зи тхьэкIумэм фIыуэ зэхимыххэм я зэхьэзэхуэ.

I: СатIушы Мадинэрэ *(кг. 49)* Жылэ Татьянэрэ *(кг. 67)*.

*Къыпытщэнущ. Адрей спорт лIэужьыгъуэхэми щытекIуа ди лIыхъужьхэми датетхыхьынущ.*

***ТЕКIУЖЬ Заретэ***



Егъэджакlуэ Хьэцlыкlу Рае лэжьыгъэшхуэ яхуелэжь ди адыгэ сабийхэм. Абы къыдигъэкlа тхылъхэм я напащхьэхэр сурэтхэм щыволъагъу. Ахэр зыlэрывгъэхьэ егъэджакlуэхэм, къыфхуэщхьэпэнщ.

«Адыгэбзэм и таблицэхэр» тхылъым къыхэтхащ еджакlуэхэм щыуагъэ нэхъыбэ зыхащlыхь мы lыхьэр.

## Й-р щатх щIыпIэхэр

| | |
|---|---|
| йоплъ<br>йоджэ<br>йопсалъэ | Псалъэпэм, хьэрфзешэ о-м и пэкIэ. |
| дарий<br>пщэдей<br>Хьэсэнбий | Псалъэпкъым и кIэм, а псалъэпкъыр ударенэ зытехуэ е, и-кIэ иухмэ. |
| дарийхэр<br>пщэдеймыщкIэ<br>хуейтэмэ | Псалъэкум, й-кIэ иух псалъэм хьэрф дэкIуашэкIэ къыщIидзэ псалъэ Iыхьэ гуэр къыпыувэмэ. |
| псейуэ<br>джэджьейуэ<br>кIийуэ<br>лейуэ | Псалъэкум, й-кIэ иух псалъэм -уэ кIэухыр е суффиксыр къыпыувэмэ. |
| уейпсей<br>пIейтей<br>дырийпсырий<br>фейцей<br>къуейщIей | Псалъэкум, лъабжьитI зэхыхьэу къэхъуа псалъэм *(дэтхэнэми я мыхьэнэр зэпэщхьэхуэу уеплъмэ, мыбелджылыжу)* и етIуанэ Iыхьэм й щатхын хуейрэ, япэ Iыхьэри абы къекIумэ. |

Бжыгъэцlэ и-р щыlэцlэм щыпатхэм деж, й-уэ ятх, къэпсэлъыкlэм техуэу.
Хьэрф дэкlуашэкlэ иух щыlэцlэмрэ й-мрэ я кум зэзыпх и къыдоувэ:
сыхьэт, и – сыхьэт+и+й=сыхьэтий – «сыхьэт зырызурэ и».
«Сабийуэ и» мыхьэнэ зиlэ псалъэми и къэхъукlэр абы ещхьщ.
Евгъапщэ: сабий, и – саби+и+й=сабиий – «сабийуэ и».

Мыпхуэдэ псалъэхэм союз-суффикс -и къащыпыувэкlэ, бжыгъэ къэзыгъэлъагъуэ й-р хьэрфзешэ и-м хуокlуэ, союз-суффикс -и-р абы къыпоувэ:
сабиий – сабиии (сабийуэрэ ири), псеий – псеии (псейуэрэ ири).

## Хьэрфзешэ И-м пычыгъуэ [йы] къикIыу щатх щIыпIэхэр

| КъэпсэлъыкIэр | ТхыкIэр | Здыхуэзэр |
|---|---|---|
| [йы]суф<br>[йы]хьэн<br>[йы]ритын | Исуф<br>ихьэн<br>иритын | Псалъэпэм, хьэрф дэкIуашэм и пэкIэ. |
| [йы]утхэн<br>[йы]упсын<br>[йы]уфэнщIын | иутхэн<br>иупсын<br>иуфэнщIын | Псалъэпэм, псалъэпкъым щыщ хьэрфзешэ у-м и пэкIэ. |
| гъэсе[йы]жын<br>же[йы]н<br>ткIи[йы]щэ | гъэсеижын<br>жеин<br>ткIиищэ | Псалъэкум, хьэрфзешэм къыкIэлъыкIуэмэ. |
| жыгей –<br>жыге[йы]щхьэ<br>сабий – саби[йы]щ<br>шыбжий –<br>шыбжи[йы]шхуэ<br>ткIий – ткIи[йы]Iуэ | жыгеищхьэ<br>сабиищ<br><br>шыбжиишхуэ<br>ткIииIуэ | Псалъэкум, й-кIэ иух псалъэм нэгъуэщI псалъэ лъабжьэ е псалъэщIэ къызэрыхъу суффикс къыпыувэмэ. |

**Гу зылъытапхъэ:**

Щхьэ префикс **у**-м щымыIэныгъэ къэзыгъэлъагъуэ префикс **мы**-р къыкIэлъыкIуэмэ, абы и пэкIэ хьэрфзешэ **и** ятх:

**и**у**мы**т, **и**у**мы**тхэ, **и**у**мы**кIутэ.

Елэжьар ***БЕКЪАН Масирэтщ***





***НАКІЭ Иланэ*** 2017 гъэр къыщихьэ жэщым къалъхуащ. Мы мазэм илъэситху ирокъу! Сыт къехъулІар? Гъэ кІуам *(шыщхьэуІум и 15-м)* Мэзкуу щекІуэкІа сабий щыгъын гъэлъагъуэ ***«GZHEL»***-м хэтащ. Гупым я нэхъыщІэр ди Иланэ цІыкІут. Абы и утыку итыкІэр ягу ирихьщ, фащэ хуадри гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьат.

ЕхъулІэныгъэр и куэду псэуну дохъуэхъу ди сабий дахэм!

***«Нур»***







Мы QR-кодым уи телефоным и камерэр тегъапсэ, «Нурым» и интернет-напэкІуэцІым ихьэ, къызэІуих лэжьыгъэхэр гъэзащІэ.

*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 1 2022 г.

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
*Б. М. АБРОКОВА*

Художественный редактор
*М. ХАЛИЛОВА*

Компьютерная вёрстка
*Н. РАСТОРГУЕВОЙ*

Корректор
*М. КАМБОТОВА*

Редакционный совет:
*Х. КАРМОКОВ*
*Е. ТХАМОКОВА*
*Х. ТИМИЖЕВ*
*П. ХАТУЕВ*

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати 18.01. 2022 г.
Выход в свет 28.01. 2022 г.

Формат 60х90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, AdLibBT
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж 1810 экз.
Заказ № 68
Индекс П 5896

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 15,19 руб.; за 6 мес.– 91,14 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа». Дом печати.

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион», 357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.